

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel / Fax 222 78 99
<justicepaixha@yahoo.com>

Port-au-Prince, 18 fevriye 2005

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè
nan okazyon dezyèm dimanch tan karèm nan Legliz katolik

Nan okazyon dezyèm dimanch karèm nan, ki se dimanch nasyonal Jistis ak Lapè, Komisyon an voye bay manm li yo ak tout moun bòn volonte yo ti moso mesaj sila a.

Tan karèm nan mete n sou wout fèt Pak, ki se fèt Lavi a, paske se lè sa nou fete Jezi ki leve vivan pami mò yo. Travay pou lavi, se travay pou genyen lapè ak sa k korèk nan mitan moun yo. Li mande pou tout moun patisipe, pou tout moun pran responsablite yo devan sityasyon n ap viv la. Li mande n vin pi sansib pou sa k pi fèb yo nan mitan n.

Jodi a, nan mesaj sa a, nou sonje moun ki nan prizon ak malad yo yon fason espesyal.

An n gade prizon ak gadavi yo nan peyi a. N ap viv yon epòk ki make ak anpil vyolans k ap fè anpil moun viktim. Otorite yo dwe fèm ak tout moun k ap fè vyolans sou lòt, ak tout moun k ap pote zam yon fason ilegal. Men sitou, otorite yo dwe aji yon fason ki kòrèk, epi yo dwe aji yon fason ki dakò ak diyite ak dwa chak moun genyen nan sosyete a.

Nou wete chapo n devan tout manm PNH ak DAP yo ki fè devwa yo kòm sadwa parapò ak moun ki nan gadavi oswa ki nan prizon.

Epoutan, lè n gade kondisyon detni yo, nou blije leve vwa nou byen wo. Sa fè n mal, lè n tandè nan ki kondisyon anpil sitwayen ap viv nan gadavi ak prizon yo nan peyi a. Prizon yo mal ekipe, yo pa genyen dekwa pou loje moun. Twòp moun ap viv nan yon espas ki pa fèt pou sa. Pafwa manke dlo ak manje, manke swen pou prizonnye malad ak sa ki blese yo. Ankèt yo pa vanse, konsa gadavi yo tounen prizon pou jan yo kenbe moun anpil tan ladan l. Prizon yo pa ta dwe yon kote moun ap devlope santiman fristrasyon ak vanjans. Si pa gen respè pou moun ki nan prizon, prizon yo kab fè plis vanjans ak vyolans frape sosyete a denmen.

Men ki sa n panse:

- Gadavi yo pa dwe yon kote y ap maltrete moun, jan sa konn fèt plizyè kote nan peyi a. Chak moun gen dwa pou kò yo respekte, san yo pa maltrete yo.
- Gadavi yo, menm jan ak tribinal yo, pa dwe yon kote yo pran lajan sou moun pou yo kab lage yo, jan sa konn fèt. Libète pa dwe yon machandiz moun achte pou lajan.

- Ankèt polisye ak jidisyè yo dwe fèt ak konpetans, yon fason pou yo abouti, san pa gen pèdi tan. Li pa nòminal pou moun rete tout tan sa a nan prizon, san ankèt yo pa fè yon pa annavan. Libète yon moun se youn nan pi gwo byen li genyen. Leta dwe òganize l pou l kapab rann jistis san pèdi tan, yon fason pou moun ki inosan yo kapab jwenn libète yo.
- Se yon gwo prensip lajistis ki di: yon moun ki pa kondane, sanse inosan, menm si genyen rezon ki ta fè yo kwè li koupab, ki fè yo blije kenbe l nan prizon annatandan yon jijman. (Deklar. Iniv. Dwa Moun).
- Si leta kwè li nesèsè pou kenbe yon moun pou fè ankèt oswa paske yo te jije l koupab, menm leta sa a reskonsab pou l aji ak li yon fason ki kòrèk e pou kenbe l nan kondisyon ki koresponn ak diyite l.

An n gade kondisyon malad yo ki bezwen lopital piblik. N ap viv yon epòk ki di anpil pou malad yo nan peyi a, sitou sa k malere, e ki depann de lopital piblik yo. Lopital Site Solèy te fèmen poutèt vyolans nan zòn nan, Lopital jeneral Pòtoprens ak lopital Okap te fèmen poutèt grèv medsen yo. Pwoblèm ki genyen ant divès fakilte k ap fòme dòktè, epi ant Ministè a ak fakilte prive yo, se malad yo ki te peye sa. Depi anpil tan, lopital piblik yo tou koute anpil lajan pou malere, tandiske yo ta dwe garanti dwa chak moun genyen pou jwenn swen lasante kòm sadwa lè l malad.

Nou wete chapo n devan tout travayè lasante k ap fè anpil jefò, ak tout fèb mwayen yo ba yo, pou lasante pa tounen yon privilèj pou sa k gen lajan sèlman.

Lè n gade sa malere yo nan peyi a ap sibi nan domèn lasante, nou blije leve vwa nou byen wo ak yo pou nou di:

- Lopital piblik yo nan Pòtoprens ak nan vil pwovens yo ta dwe parèt kòm pi gwo priyorite pou Ministè Sante Piblik la (Konstitisyon # 23).
- Moun k ap travay nan sèvis leta yo, tankou nan sèvis lasante, dwe respekte tout byen leta yo tankou byen kominote a, yon byen ki nan sèvis malad yo. Li pa nòminal pou toutan yo dwe rekòmanse òganize sèvis yo, kòm si pa t kò genyen anyen anvan.
- Sèvis lasante pa mande pou toutan genyen grèv k ap fèt ladan l. Si ta gen grèv kanmenm, fòk sèvis ijans yo fonksyone san fay, pou yo pa mete lavi malere an danje.
- Travayè lasante yo dwe sonje gwo obligasyon yo genyen pou pwoteje lavi moun nan tout sikonstans. Medsen yo dwe sonje yo menm yo te prete sèman pou sa.
- Leta dwe klè parapò ak politik sante l ap mennen an. Ki maladi leta pran anchaj? Eske se malarya? tibèkilòz? sida? Ki kote ak nan ki kondisyon malad yo kapab jwenn sa yo bezwen? Ki kote ak nan ki kondisyon malad yo kapab fè egzamen ki nesèsè epi jwenn medikaman? Gouvènman an dwe klè sou politik l ap mennen an.
- Bon jesyon, konpetans ak onètete fè pati respè moun merite jwenn pou dwa l yo.

Peyi n ap viv yon moman difisil pou tout moun. Legliz la antre nan tan karèm nan ak yon atansyon espesyal pou tout moun k ap souffri. Tout moun bòn volonte kapab konprann: moun nan prizon yo ak moun malad yo pami pi fèb sa yo ki nan mitan nou. Yo menm tou, se moun yo ye ki merite yo diyite yo ak dwa yo.

Komite Direktè Nasyonal Jistis ak Lapè.

P. Jean Hanssens, Direktè

Message de la Commission Justice et Paix à l'occasion du deuxième dimanche de carême dans l'Eglise catholique

A l'occasion du deuxième dimanche de carême qui pour l'Eglise catholique en Haïti est le dimanche national Justice et Paix, la Commission envoie ce message à ses membres et à toute personne de bonne volonté.

Le temps du carême nous met sur la route de la fête de Pâque, fête de la vie, fête de la résurrection de Jésus qui est passé de la mort à la vie. Oeuvrer pour le triomphe de la vie, c'est oeuvrer pour des relations justes dans la société. Il demande la participation de tous, il demande que tous prennent leur responsabilité sociale devant la situation que vit le pays. Il demande une plus grande sensibilité pour les plus faibles.

Dans ce message, nous pensons spécialement à ceux qui se trouvent en détention et aux malades.

Voyons les garde à vue et les prisons. Le moment actuel est marqué par beaucoup de violence; les victimes sont nombreuses. Des autorités, on demande d'être ferme devant ceux qui font de la violence aux autres, et ceux qui se servent d'armes illégales. Mais surtout, des autorités ont attendu qu'elles agissent correctement et en accord avec la dignité et les droits de la personne.

Nous saluons les membres de la PNH et de la DAP qui s'acquittent correctement de leurs devoirs envers les détenus en prison ou en garde à vue.

En même temps, considérant les conditions de détentions, nous nous sentons obligés de lever la voix, pour dénoncer certaines conditions de détention de nombreux citoyens. Les prisons manquent d'équipements, elles manquent le nécessaire pour loger et nourrir les détenus; elles manquent de l'espace, parfois même de l'eau, et des soins pour les détenus malades. Les enquêtes n'avancent pas. Ainsi, les garde à vues deviennent des prisons, parce qu'on dépasse les délais légaux. Les lieux de détention ne devraient pas être des lieux où se développent des sentiments de frustration et de haine. Par manque de respect des personnes, les prisons pourraient facilement devenir des motifs de vengeance et de violence demain.

Voici ce que nous proposons:

- Les gardes à vue ne devraient pas être des endroits de mauvais traitements, comme cela arrive en plusieurs endroits. Chaque personne mérite le respect de son corps.
- Les gardes à vue, comme les tribunaux, ne devraient pas être des lieux où l'on paie pour son relâchement, comme cela arrive trop souvent. La liberté ne devrait pas être une marchandise à vendre.
- Les enquêtes policières et judiciaires devraient être menées avec compétence et célérité. Il n'est pas normal que des gens passent de longues périodes en détention sans qu'il n'y ait de progrès dans les enquêtes. La liberté individuelle est un grand bien. L'Etat a le devoir de s'organiser pour rendre justice dans des délais raisonnables.
- La présomption de l'innocence est un principe en justice. Même si une personne est détenu pour enquête ou en attente d'un jugement. (Art. 11 de la Déclaration Universelle des Droits Humains).

- Si l'Etat détient quelqu'un pour raison d'enquête ou parce qu'il est condamné, l'Etat devient responsable pour qu'il soit gardé dans des conditions dignes de la personne humaine.

Voyons les conditions des malades dans les hôpitaux publics. Nous vivons des temps extrêmement difficiles pour les malades, surtout pour ceux qui dépendent des services de santé publiques. L'hôpital de Cité Soleil avait fermé ses portes à cause de la violence dans la zone, l'hôpital général de Port au Prince et l'hôpital Justinien au Cap Haïtien ont été paralysés par des grèves. Les problèmes entre les facultés de médecine, et entre le Ministère et certaines faculté privées ont imposé un prix lourd aux malades. Les hôpitaux publics aussi se font payer chers, tandis qu'ils devraient garantir le droit aux soins de santé.

Nous saluons les travailleurs de la santé qui consacrent des efforts considérables, parfois avec de faibles moyens, pour que les soins de santé ne deviennent pas un privilège pour quelques uns.

Voyant les conditions des soins de santé dans le secteur public, nous disons :

- Les hôpitaux publics dans la capitale comme dans les villes de province devraient figurer parmi les grandes priorités du Ministère de la Santé Publique (Const. art 23).
- Ceux qui travaillent dans les services de l'Etat, comme dans la santé publique, devraient respecter les biens de l'Etat comme des biens de la communauté, des biens qui doivent servir pour les malades. Est-ce normal qu'à chaque instant on doit rééquiper les services comme si rien n'existait auparavant ?
- Le service de la santé souffre énormément chaque fois qu'il y a une grève dans le secteur. En cas de grève, les services d'urgence devraient fonctionner de façon efficace, sans danger pour la vie des moins nantis.
- L'Etat doit être clair concernant sa propre politique de santé. Quelles sont les maladies qu'il prend en charge ? Serait-ce la malaria ? la tuberculose ? le sida ? Où et dans quelles conditions les personnes affectées peuvent-elles se procurer les soins nécessaires, les examens et les médicaments ? Le Gouvernement devrait être clair sur sa politique de santé.
- La bonne gestion, compétente et honnête, fait parti du respect des droits des personnes.

Le pays vit un moment difficile pour tous. Le temps de carême doit nous rendre plus sensible pour les plus faibles. Toute personne de bonne volonté peut comprendre pourquoi les prisonniers et les malades figurent parmi les faibles dans la société. Eux aussi méritent le respect de leur dignité et de leurs droits.

Le Comité Directeur national.